

Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64

Tab Number: 72

Document Title: Dwa Fanm Dayiti

Document Date: n.d.

Document Country: Haiti

Document Language: Creole

IFES ID: CE00791



* 8 6 4 2 E F 3 4 - 1 9 4 6 - 4 0 0 8 - B 2 9 7 - F C 8 A 4 4 A B 1 3 C B *

DWA FANM DAYITI

Kaye nimewo 1

Zafè Vyolans sou Fanm



P D P

DWA FANM DAYITI

Kaye nimewo 1

Zafè Vyolans sou Fanm
Sa lalwa di sou sa



Pwodiksyon ak piblikasyon
P.D.P. (Programme des Droits de la Personne)

Redaksyon
Evelyne Margron

Travay grafik
Teknipaj - Karine Margron

Desen
Guy Constant

Enpresyon
Enprimri Metodis Dayiti

Distribisyon
P.D.P.

Depo legal
Bibliyotèk Nasyonal


Premye edisyon : 1997

Tout moun, tout organizaſyon
gen otorizasyon pou kopye
liv sa a. Men, li ta dwe di
se P.D.P. ki fè l.

Sa ki nan liv sa a

An nou wè klè	paj 1
Entwodiksyon	paj 2
Men sa Kòd Penal la di sou Kadejak	paj 7
Kòmantè	pa j 8
Paj pou kòmantè pa ou	paj 9
Men sa Kòd Penal la di sou Bay kou - Kraze zo ...	paj 10
Kòmantè	paj 12
Paj pou kòmantè pa ou	paj 13
Men sa Kòd Penal la di sou Adilitè	paj 14
Kòmantè	paj 17
Paj pou kòmantè pa ou	paj 18
Men sa Kòd Penal la di sou Avòtman - Jete pitit ... paj 19	
Kòmantè	paj 20
Paj pou kòmantè pa ou	paj 21
Lòt komantè	paj 22
Paj pou lòt komantè pa ou	paj 23
Konklizyon	paj 24

Pibliye / reyalize avèk apwi finansye pwogram PDP (Pwogram Pwomosyon Dwa Moun)
yon pwojè ki finanse pa ACDI (Ajans Kanadyèn pou Devlòpman Entènasyonal)
(Agence Canadienne de Développement International)



An nou wè klè

Depi tout tan, pèp sou latè ap fè jefò pou sosyete y ap viv ladan yo vin miyò (menm si miyò pa vle di menm bagay la pou tout moun). Youn nan zouti yo envante pou ede fè travay sa a se lalwa.

Men listwa pèp yo pwouve lalwa pa inosan. Lalwa marye ak fason sosyete a bati. Malgre li se youn nan zouti pou bay tout moun menm chans nan lavi a, nou ka konstate anpil fwa li gen fòs kote.

Jounen jodi a zouti sa a trè alamòd. Kòm li la pou tabli règleman sou devwa (obligasyon) ak dwa tout moun nan sosyete a, gen moun ki toujou ap chèche kijan lalwa a ka ranmase dwa pa yo pandan lap wete sou dwa lòt. Kifè, lalwa toujou tabli nan batay.


Nan tan lontan se kèk moun, kèk chèf militè oubyen politik, ki te pran desizyon sou devwa ak dwa tout moun andedan sosyete yo. Kòm chèf sa a yo te toujou plis nan enterè gwo ponyèt, gwo palto, gwo chabrak, te toujou genyen an menm tan moun kap goumen pou lalwa ranmase dizon ak patisipasyon tout moun, sitou moun ki konsène yo, moun règleman yo pra l manyen.

Travay sa a pokò bout; gen anpil chimen ki pou fèt ankò pou fè rekonèt nesesite pou popilasyon yo angage nan zafè fè lwa, e, pi devan, defann lwa sa a yo, fè respekte yo. Gen anpil chimen tou ki pou fèt nan sans jwenn ki fason ki pi bon pou popilasyon yo bay dizon yo sou tout sa ki regade la vi yo.



Sou bò pa nou, an Ayiti, dapre atik III konstitisyon 1987 la (manman tout lòt lwa yo), nou te bay depite ak senatè (Lachanm) travay pou yo fè lwa. Depite ak senatè se reprezantan popilasyon yo dwe ye, ki vle di, se popilasyon an ki pou chwazi yo, ki pou ba yo manda pou yo pale nan non li. Pou yo pale pou li, fòk yo konnen sa l panse, sa l ta vle sou tout koze ki regade la vi l. Kidonk, se djòb yo pou òganize patisipasyon popilasyon an nan desizyon yo gen pou pran. Yon lòt bò, se reskonsablite popilasyon an pou fè konnen kijan lwa yo pral fè yo ka ale nan sans enterè l.

Si bagay yo fèt konsa, lalwa kapab vin yon zouti vre pou nou chanje sosyete a nan sans nou vle l la. Men sa pa ase! Pou nou menm fanm, fè lwa ki nan enterè nou kapab yonn nan batay nou ka mennen pou nou jwenn plis respè, pou nou gen menm chans ak gason nan batay lavi a. Men pi gwo batay la ap rete dèyè. **Se fè respekte tout bon vre tout lwa sa yo. Sa a se pa batay lalwa, se batay nan lavi toulejou nou kap ban nou l.**



Entwodiksyon

Ti liv sa a se premye nan yon seri liv fòmasyon ki fèt dabò pou aprann konnen kijan lalwa peyi Dayiti wè fanm, kijan li trete fanm, ki wòl, ki plas li ba yo nan sosyete a. Men sitou, ti liv sa a yo se yon zouti ki pou ede fanm yo nan batay yo dwe mennen pou fè fè pi bon lwa, e pou defann tèt yo.

Premye liv sa a régade vyalans ki fèt sou fanm.

Nou chwazi pale sou sa anvan tout lòt bagay paske vyalans se yonn nan pi gwo pwoblèm fanm genyen jounen jodi a nan peyi nou. Kit se andedan kay, kit se deyò, fanm tout kalite (marye, pa marye, tout kalite reliyion, tout nivo ekonomik, tout nivo edikasyon) ap sibi vyalans nan kò yo, nan nanm yo.

Nan liv sa a, nou rele vyalans sou fanm, tout zak ki fèt sou li, kont volonté I, nan fòse I, oubyen fè I pè, ki manyen I kòm fanm e ki fè I mal nan kò I oubyen nan nanm li.

Nou chèche andedan lalwa peyi a tou sa ki gen rapò ak vyalans yon fanm kapab sibi. Nan Kòd Penal la - ki se pati nan lalwa ki di sa I konsidere kòm "enfraksyon" (yon fòt) e ki pinisyon li ba li - nou te jwenn 4 enfraksyon ki konsènen vyalans sou fanm, dirèkteman oubyen endirèkteman. Atik Kòd Penal sa a yo pale sou zafè :


- Kadejak
- Bay kou / kraze zo
- Adiltè
- Jete pitit (avòtman)



Nou pa jwenn anyen sou lòt kalite vyolans sou fanm anjeneral oubyen ki gen rapò ak sèks. Nou ta renmen pou moun (fanm ak gason) ki va travay ak liv sa a ta ede nou bouske tout lòt Iwa ki ta kapab pwoteje oubyen ankouraje vyolans sou fanm.

Pou chak atik la lwa nou fè yon ti kòmantè pou ankouraje moun reflechi sou atik la. Nou konnen nou pa di tou sa ki gen pou di. Nou ta renmèn pou chak moun pote lide pa yo sou koze sa yo.

Ti liv sa a se yon senp zouti. **Vre kesyon an se refleksyon fanm òganize yo epi aksyon y ap fè pou rache Iwa ki pi bon e pou defann dwa yo tèt kale.**



Kadejak

Men sa Kòd Penal la di sou kadejak

Atik 279 la di


Kelkilanswa moun ki fè kadejak sou yon moun oubyen ki ankouraje debòch ak pwostitisyon nan mitan jèn moun ki poko gen 21 lane, kit li te rive fè l, kit se eseye li te eseye fè l nan fòse moun nan, gason oubyen fi, moun sa a ap pran prizon pandan 3 zan pou pipiti, 9 an pou piplis.

Atik 280 a di

Si kadejak la fèt sou yon moun ki gen pipiti pase 15 lane, kadejakè a ap kondane pou l fè travo fòse pandan 3 zan pou pipiti, 15 zan pou piplis.

Atik 281 an di

Si moun ki fè kadejak la se moun ki gen "otorite moral" sou moun ki viktim lan, ki vle di, si kadejakè a se pwofesè moun nan, oubyen si se moun kap travay lakay li, si kadejakè a se yon fonksyonè leta, si se yon responsab legliz (pastè, pè, eks) oubyen si kadejakè a kèlkilanswa sa li ye a, te fè yonn oubyen plizyè moun ede l nan zak sa a, lap kondane pou fè travo fòse tout vi l. Si viktim nan mouri nan zak la, kriminèl la ap kondane pou mouri tou. (Konstitisyon 87 la aboli pinisyon sa a. Alèkile se travo fòse avi ki ranplase lanmò pou kriminèl).



Kòmantè

Atik sa yo pa pale sou fanm dirèkteman, men nou konnen se sitou fanm ki viktim kadejak.

Kòd Penal la pa di ki sa li rele kadejak la, kifè, mo a rete twoub, moun gen dwa ba li sans yo vle.

Nan bay kadejakè pinisyon, Kòd la pa konsidere konsekans kadejak la sou viktim yo; pa ekzanp, li pa pran ka yon viktim k ap rete enfim tout vi l poutèt kadejak la; li pa konsidere ka yon viktim ki se yon andikape mantal oubyen fizik, ki paka defann tèt li fas a yon kadejakè; li pa konsidere ka yon viktim ki se yon fanm ansent oubyen malad, kidonk ki pi frajil toujou; li pa konsidere ka kote kadejakè a gen yon zam nan men l, ap menase viktim nan, ki oblige, pou sove la vi l, fè sa yo di l fè; li pa konsidere ka mari ki fè kadejak sou madanm; li pa konsidere ka kote kadejakè a fè lòt kalite vyolans sou fanm nan an menm tan, tankou : ba l kou, blese l, joure l, eksetera.

Kòd Penal la pa pale nonplis sou lòt kalite vyolans ki gen rapò ak sèks ki fèt sou fanm (tankou pa egzanp lè yon gason ap fè presyon sou yon fanm, menase l fè l pèdi travay li, oubyen met afè l deyò, pou l ka kouche avè li; oubyen joure l oswa kale l apre li finn gen relasyon avè l; eks...).

Andefinitiv, sèl vyolans ki gen rapò ak seks lalwa pini se kadejak; ki vle di, sou kesyon sa a , fanm pa gen okenn pwoteksyon legal, okenn pwoteksyon leta. Pou lalwa peyi Dayiti, vyolans ki gen rapò ak sèks se bagay "madanm ak mouche; se pa enfrakson; fanm nan la pou bay gason plezi; menm si pou l fe yon ti soufri pou sa (oubyen yon gwo soufri) !

Sitiyasyon sa a mennen gason pa gen pwoblèm pou yo fè vyolans sa a yo; anyen pa p rive yo. Fanm yo oblige sibi san yo pa di anyen, oubyen, lè yo pa kapab ankò, randre nan fè vyolans yo menm tou pou koresponn ak gason yo. Lè sa a, gason ak fanm pase vyolans yo sou timoun yo e se tout sosyete a ki pran nan yon laviwonn vyolans.

“ Paj sa a pou ou, pou ekri komantè pa ou “

- *Ki sa ou ta di ki se kadejak? Bay dətay.*
 - *Ki prèv lajwa ta dwe mande yon fanm pou libay lò l di yon gason fè kadejak sou li?*
 - *Kisa lajistis ta dwe fè ak kadejakè?*
 - *Ki sekou fanm ta dwe jwenn nan lajistis peyi yo apre yo fin sibi anba kadejakè?*
 - *Kisa lajistis ta dwe fè ak moun ki fè lòt kalite wyalans ki gen rapò ak seks?*



Bay kou - Kraze zo

Men sa Kòd Penal la di sou bay kou / kraze zo.

Atik sa a yo pale sou kraze zo anjeneral; nou kwè li enpòtan pou fanm konnen yo etandone yo se yon sektè nan popilasyon an ki plis viktim kalite vyolans sa a.

Atik 254 la di

Si yon moun fè espre li blese yon lòt moun oswa li ba l'kou oubyen fè nenpòt ki lòt kalite vyolans sou li, si vyolans sa a yo fè viktim nan malad oubyen pa ka travay pandan plis pase 20 jou, moun sa a ap pran prizon pou pipiti pandan 1 nan, pou piplis pandan 3 zan.

Si vyolans sa a yo fè viktim nan vin enfim, si l'pèdi yon mòso nan kò l, si l'vin pa ka sèvi avèk yonn nan bra l'oswa yonn nan pye l, si l'vin avèg oswa pèdi yonn nan je l, oubyen si l'vin gen kèlkilanswa lòt enfimite ki pap janm ka geri, koupab la ap fè prizon pandan 3 zan pou pipiti, 9 an pou piplis.

Si viktim lan mouri nan zak la, menm si moun ki bay kou an pa t fè espre touye l, moun sa a ap fè travo fòse pou pipiti pandan 3 zan, pou piplis pandan 15 zan.

Atik 255 la di

Si moun ki fè zak la te fè plan pou l'fè l, si l'te pare tann viktim lan e si viktim nan mouri, moun sa a ap kondane pou l'fè travo fòse avi. Si vyolans li fè yo fè viktim nan vin enfim, si l'vin pa ka sevi avèk yonn nan bra l'yo oubyen yonn nan pyel yo, si l'vin avèg oswa pèdi yonn nan je l yo, si l'vin gen kèlkilanswa lòt enfimite ki pap janm ka geri, moun ki fè zak la ap gen pou fè travo fòse pou pipiti pandan 3 zan, pou piplis pandan 15 zan.



Bay kou - Kraze zo

(Swit Atik 255 la)

Si sa pase menm jan ak sa ki di nan atik 254 la, ki vle di si viktим nan vin malad oubyen pa ka travay pandan plis pase 20 jou, moun ki fè zak la ap gen pou l fè prizon pou pipiti pandan 3 zan, pou piplis pandan 9 an.

Atik 256 la di

Si kou ak blese yo pa fè viktим nan ni malad ni pa ka travay jan sa di nan atik 254 la, koupab la ap pran prizon pou pipiti pandan 1 mwa, pou piplis pandan 1 nan.

Si viktим lan te pran kou nan figi, koupab la ap pran prizon pou pipiti pandan 6 mwa, pou piplis pandan 2 zan.

Si moun ki fè zak la te fè plan, si l te pare tann viktим nan, l ap gen pou l fè pou pipiti 3 mwa, pou piplis 3 zan prizon si l pat manyen figi viktим nan e pou pipiti 1 nan pou piplis 3 zan, si l te manyen figi viktим nan.

"Atik 257 la bay pi gwo pinisyon pou moun ki va frape papa yo oubyen manman yo, kit se te vre papa ak manman yo, kit se te paran natirèl oubyen adoptif yo."



Kòmantè

Kòd Penal la pa di anyen sou mari ki kale madanm yo, sou gason ki kale fanm. Ki vle di, sa pa yon pwoblèm espesyal pou moun ki fè lwa sa a yo.

Anjeneral, fanm gason kale, pa rakonte sa, malgre yo te ka jwenn pwoteksyon nan atik 254 - 255 - 256 Kòd Penal la. Yo pè reprezay gason yo, yo konnen lajistis pap fè anyen pou yo. Yo pito kase fèy kouvrí sa.

Fanm ki rive denonse zak sa a yo pa jwenn jistis fasil. Anpil jij (gason anjeneral) konsidere "gason se chèf fanm yo ye, si yo kale madanm yo se zafè k gade yo, epitou, siman fanm yo te merite l.! Sa l te gentan gen la! Si l gen nonm deyò - si mari l sispèk li gen nonm deyò - si l pa obeyi mari l, si l gaspiye lajan... se nòmal li pran kou! " Se sa pi fò gason di sou zafè kale fi.

Se vre, pi fò gason an Ayiti kwè fòk yo "fò", fòk yo "fèm", fòk yo sevè ak fanm, fòk yo pa kite fanm pran tèt yo, komande yo; se yo ki chèf, fòk yo dominen.

Lalwa pa di yo se pa sa.

“ Paj sa a pou ou, pou ekri komantè pa ou “

- *Ki sekou fanm ta dwe iwenn-nan-lalwa, nan kominote yap-viv, nan lajistis payi-yo pou pwoteje tèt yo kont maspinay, bay kou-kraze zo ?*
 - *Kisa lajistis ta dwe fè ak gason ki maspinen fanm ?*
 - *Kisa fanm ka fè pou konbat maspinay ?*



Adiltè

Men sa Kòd Penal la di sou Adiltè

Adiltè se lè yon fanm oubyen yon gason ki gen mari oubyen madanm annafè avèk lòt gason oubyen fanm deyò.

Atik 269 la di

Si yon mari touye madanm li oswa yon madanm touye mari l, krim nan pa gen ekskiz si lavi sa ki fè krim lan pa t an danje nan moman li fè l la. Men, si se bare yon mari bare madanm li nan adiltè andedan kay li, si l touye l, oswa si l touye yo (madanm li ak lòt gason an) li pap pini pou sa.

Atik 284 la di

Se mari yon fanm sèlman ki gen dwa denonse madanm li devan lajistis si madanm nan pran yon lòt nèg deyò. Gen sitiyasyon kote mari a pèdi dwa sa a. (Na wè sa nan atik 287 la).

Atik 285 la di

Si lajistis rekonèt yon fanm pran yon lòt nèg sou mari l, fanm sa a gen pou l pase pou pipiti 3 mwa, pou piplis 2 zan nan prizon. Se mari a sèlman ki ka anpeche fanm nan ale nan prizon si l dakò pou reprann madanm li.



Adiltè

Atik 286 la di

Gason lajistis rekonèt kòm konplis fanm ki fè adiltè a ap gen pou pase menm valè tan ak li nan prizon.

Prèv lajistis rekonèt pou di yon gason konplis yon fanm adiltè, se si yo kenbe li nan men, oubyen si yo jwenn lèt li te konn ekri fanm nan ki montre l te annafè avè li.

Atik 287 la dl

Yon nonm ki pran yon fanm sou madanm li andedan kay li rete ak madanm li, lè la jistis va rekonèt li koupab apre madanm li fin pòte plent pou li, nonm sa a ap gen pou peye leta yon amann sòti nan 100 rive nan 400 goud.





Adiltè

**Men sa kòd penal la di ankò sou adiltè
nan “nòt jirispridans” li yo.**

1) Pou yon mari jwenn kondanasyon madanm li pou adiltè, li kapab :

- oubyen sispann rete ak li nan yon sèl kay oswa mande lajistis pou l divòse;
- oubyen denonse madanm li devan jij koreksyonèl.

Denonsiyasyon an ap mete laksyon piblik an mouvman kont madanm li. Se pa menm bagay avèk si l mande yon jijdepè vin fè konsta pou l gen prèv adiltè a pou l kore yon demann divòs.

2) Li pa nesesè pou gen yon ankèt ki fèt sou adiltè yon fanm si se yon bagay tout moun konnen, tout moun wè, etandone tout mwayen bon pou demonstre yon fanm fè adiltè.

Kòmantè

Nou ta dwe poze tèt nou kesyon sou poukisa zafè adiltè pa rete yon zafè sivil! Ki vle di, poukisa lalwa oblige pini yon moun, fanm anpatikilye, poutèt santiman moun nan.

Anverite, se paske moun ki fè lwa nou yo konsidere fanm tankou byen gason; menm jan ak esklav nan tan lakoloni ki pa t gen dwa sove kite bitasyon mèt yo, fanm jounen jodia an Ayiti, pa gen dwa kite kay mari yo; mèt yo te koupe pye esklav yo, fanm alèkile yo pran prizon. Atik lalwa sa yo pa rekonèt fanm kapab granmoun tèt yo, konnen sa yo vle, sa ya p fè. Pou yo, fanm se tèt cho ki bezwen fèmen pou yo pa fè tenten. Epitou, si yo rive fè gason move jis pou yo touye yo, se yo ki chèche I, se pa fòt gason an!

Dapre yon dekrè ki te sòti 8 oktòb 1982, fanm sanse egalego avèk gason nan zafè maryaj, kidonk nan zafè adiltè. Dekrè sa a di, lè 2 moun marye, yo gen menm reskonsablité ak menm dwa. Yonn dwe lòt fidélite, sekou ak asistans.

Nan Kòd Sivil Ayisyen Mèt Menan Pierre Louis pibliye an 1993 la, nan atik 196 rive nan 211, Mèt Pierre Louis reprann ansyen lwa sou kesyon dwa ak devwa moun marye e li di, lwa sa a yo, dekrè 8 oktòb 82 a "abwoje" yo, ki vle di, pran plas yo. Men li di tou pi fò jiris (avoka) nan peyi a, pa okipe lwa sa a malgre enpotans ekonomik ak sosyal li.

Nan atik 215 ak 216, Kòd Sivil nou an kontinye di adiltè fanm ak gason pa menm, jan nou wè I nan atik 284 rive nan 287 Kòd Penal la, malgre dekrè 8 oktòb 82 a.

Menm jan ak anpil lòt kote nan lalwa peyi nou, gen anpil kontradiksyon ant dekrè 8 oktòb 82 a ak res lwa Kòd Sivil ak Kòd Penal yo ki kontinye ap diskriminen fanm, ap konsidere yo kòm enferyè. Sistèm lajistik peyi a kontinye ap mache san li pa konsidere lè yon lwa vote, pibliye nan Monitè, li pran plas tout lòt lwa ki demanti sa I di a. Li pa konsidere non plis tout akò entènasyonal peyi a "ratifyé" (siyèn) sou kesyon egalite fanm ak gason, akò ki pran plas tout lwa ki pa ale nan menm sans avè yo (selon atik 276 -2 Konstitisyon 87 la).

“ Paj sa a pou ou, pou ekri komantè pa ou “

- Pouki rezon-gèn diskriminasyon konsa nan zafè adiltè?
 - Kijan fanm yo konprann zafè fidélité ak jalouzi nan relasyon de moun?
 - Ki sitiyyasyon fan, ki pa satisfè nan relasyon yo ak mari yo?
 - Eskè prizon ak eskandal ka règle relasyon de moun nan zafè lanmou?



Avòtman - Jete pitit


Men sa Kòd Penal la di sou Avòtman - Jete Pitit

Atik 262 a di

Si yon moun fè yon fanm jete yon pitit avèk manje, grenn, te, tizann, siwo, eks... oubyen avèk vyalans (kou pa ekzanp), oubyen avèk nenpòt ki lòt bagay, kit fanm nan te dakò kit li pat dakò, moun sa a ap pran prizon pou pipiti pandan 3 zan, pou piplis pandan 9.

Si yon fanm jete yon pitit li menm poukont li, oubyen si li swiv konsèy yo ba li sou kouman poul fè pou l jete pitit la epi li jete l vreman, fanm sa a ap pran prizon menm jan an.

Doktè, ajan lasante, famasyen, fanmsaj ki ta bay yon fanm konsèy oubyen ki ta ba li sa l bezwen pou jete pitit la e pitit la tonbe vre, moun sa a yo ap kondane pou yo fè travo fose pandan pipiti 3 zan, piplis 15 zan.



Kòmantè

Lalwa sou jete pitit (avòtman) nan peyi nou pa konsidere byennèt ak sante fanm ansent la; li pwoteje lavi timoun ki pral fèt la sèlman. Li pa konsidere ka yon fanm akouchman an ka touye; ni ka yon fanm ki fè yon gwo maladi pandan l ansent lan e ki gen anpil chans pou fè yon ti moun kokobe. Li pa konsidere ka fanm ki ansent apre yo finn fè kadejak sou yo. Li pa konsidere ka fanm ki gen sida e ki gen anpil chans pou yo fè timoun ki gen sida tou, timoun yo pa p menm ka okipe.

Entèdiksyon sa a fè tout avòtman ki fèt nan peyi Dayiti - e gen anpil, anpil... - fèt nan kache. Lè yon fanm tèlman dezespere li deside la p fè avòtman, sa l pran se pa l. Poulapenn, gen anpil chalatan kap fè avòtman nan nenpòt ki kondisyon. Fanm ki pi pòv yo sitou oblige pran sa yo jwenn. Anpil ladan yo mouri oubyen domaje. Annatandan, lajistis pa pouswiv moun kap fè avòtman yo.

Lè yon fanm rive ap reflechi pou l fè avòtman, se dezespere li dezespere, se jwenn li pa jwenn lòt solisyon pou ka li ladan lan. Atik sa a oblige l chwazi riske pèdi lavi l aloske pèsonn pa ka ede l pòte chay ansent li a. **Lalwa pa menm oblige papa a pran reskonsablitè okipe pitit li. Tout chay la pou fanm nan sèlman.**

Atik Kòd Penal sa a se yonn nan atik lalwa peyi Dayiti - avèk atik sou adiltè yo - ki legalize, ankouraje vyolans sou fanm; yon vyolans ki fè fanm mal nan tout yo menm, nan kò yo, nan kè yo, nan nanm yo.

Lwa sa a pa konsidere fanm ka reflechi pou pran desizyon pou tèt yo, ka reskonsab lavi yo. Kò yo pa pou yo; wòl yo se reskonsab lavi timoun yo sèlman. Si yo pase mizè apre, se zafè pa yo.

“ Paj sa a pou ou, pou ekri komantè pa ou “


- *Kisa-lalwa-ta dwe di sou-zafè avotman pou l pwoteje avni ni timoun nan demen, ni manman an ?*
 - *Se fanm ki pote pitit, eske se pa li ki ka deside sa l ap fè?*
 - *Kijan lalwa ka ankouraje planin-familiyal-nan-tout-kote-nan-pevi a? -*

Lòt Kòmantè


Gen lòt kalite vyalans sou fanm okenn lwa pa rekonèt nan peyi nou :

- Se vyalans vèbal (nan bouch) ki nan anpil chante sou fanm, nan reklam, nan blag, nan vokabilè, relasyon gason ak fanm, nan bouch gason kap jouré fanm anpiblik oswa an prive...
- Se vyalans mari ki sezi "byen pwòp" madanm yo (ki vle di byen ki pou madanm lan sèlman), ki refize ba yo sekou lè yo bezwen l, ki refize ba yo konkou ekonomik menm lè yo ta kapab, ki fè madanm yo sèvi esklav, ki fèmen yo andedan kay oubyen ki ale kite yo avèk timoun sou bra yo...
- Se vyalans sou jèn fi pou kontwole si yo pa pèdi vijinite yo toutotan yo pokò marye.
- Se vyalans ki gènyen nan diskriminasyon kont fanm, tankou :
 - direktè lekòl ki refize jèn fi ansent kontinye etidye - alòske yo pa gen dwa fè avòtman - pandan papa pitit la li menm ap kontinye etidye san pwoblèm. Medam sa a yo ap gen gwo reskonsablitè byen bonnè men yo pa p gen fòmasyon pou yo travay byen pou yo reskonsab tèt yo ak pitit yo.
 - Mari ki fòse madanm yo fè tout travay andedan yon kay, poukout yo, apre yo fin travay deyò.
- etc... etc...

“ Paj sa a pou ou, pou ekri lòt komantè pa ou “



• Ki lòt Kalité vyo lans ou konnen fanm sibi ?



Konklizyon

Fanm ki sibi vyolans (kit se vyolans ki gen rapò ak sèks, kit se kraze zo, kit se prizon pou adiltè, oubyen lòt kalite vyolans fizik oubyen sikolojik), fanm sa a yo soufri anpil. Lè se pa kò yo ki fè yo mal, ki blese, ki malad, se nanm yo ki ka vinn degoute ak lavi a jis pou yo anvi touye tèt yo gen de lè; anpil ladan yo fè depresyon; gen lòt ki anvi sove kite lakay yo; gen sa k ta fè vanjans ak sa ki pa janm anvi gason ankò (ki vin frijid).

Plis pase mwatye moun ki nan peyi a nan sitiayson sa a !

Lalwa peyi Dayiti pa vreman pwoteje fanm kont vyolans y ap sibi tout tan, tout kote. Okontrè, gen atik nan lalwa nou an ki ankouraje vyolans sa a. Mesaj yo bay sosyete vle di : Fanm se enferye, yo pa konn reflechi pou tèt yo, yo bezwen gason siveye yo, kontwole yo, dominen yo, korije yo. Yo fèt pou bay gason plezi, pou sèvi yo. Yo fèt pou fè timoun; lavi pa yo pa konte.

Gen akò ak konvansyon entènasyonal Ayiti siyen sou zafè vyolans sou fanm; se de zouti fanm ta ka sèvi avè yo pou defann tèt yo. Na wè nan yon lòt ti liv sa yo gen ladan yo. Men yo menm tou yo pa respekte yo nan peyi Dayiti.

Kifè, batay kont vyolans sou fanm, se yon batay ki gen plizyè nivo ladan I. Fanm gen pou batay pou lwa yo chanje, pou fè presyon sou depite ak senatè ki dwe rezante yo tou; yo gen pou yo batay kont vyolans andedan sosyete a anjeneral; yo gen pou yo batay ak sistèm lajistis la pou fè respekte lwa yo. **Men sitou fanm gen pou òganize yo, mete tèt yo ansanm pou rive genyen batay sa a.**

Se kondisyon pou Ayiti devlope vre.

Pibliye - reyalize avèk apwi finansye pwogram PDP (Pwogram Pwomosyon Dwa Moun)
yon pwojè ki finanse pa ACDI (Ajans Kanadyen pou Devlòpman Entènasyonal)
(Agence Canadienne de Développement International)